



**Department for
the Aging**

**KONEKTE.
RETE AKTIF.
RET AN SANTE.**

 **KONTAKTE NOU**
212-AGING-NYC



MISYON AK OBJEKTIF

Depatman Vil New York pou Vyeyisman (New York City Department for the Aging, DFTA) efòse pou elimine zafè vin vyeyi a epi asire dinyite ak kalite lavi divès moun aje yo, epi pou sipò èd swànyan pa yo atravè divès sèvis, pledwaye ak edikasyon.

DFTA asosye avèk òganizasyon lokal pou founi sèvis pa entèmedyè sant pou moun aje yo, kominote retrèt natirèl yo, ajans jesyon ka yo ak swen adomisil yo, pwogram repa livre adomisil, pwogram soutyen ak edan yo, pwogram sante mantal yo, transpò ak byen plis ankò nan chak awondisman.

DFTA founi egalman divès resous benevòl epi gen yon Inite Sèvis Anplwa Senyò, Inite Jistis Pou Ene yo, Sant Resous pou Gran Paran yo, Pwogram Gran-Paran Nourisye, yon Pwogram Peyè Fakti, ak plis toujou.

Sant pou Moun Aje yo

Genyen divès santèn sant pou moun aje nan Vil New York epi adezyon gratis la ouvri pou tout moun aje ki gen 60 an oubyen plis. Chak sant ofri yon varyete aktivite ki jeneralman enkli:

- Kou Atizay, mizik, dans ak remiz-an-fòm ak klèb mache
- Kou pou jere atrit, dyabèt, presyon ateryèl elve, ak plis toujou
- Atelye dyetetik ak pedagogik
- Depistaj pou Medicare, Medicaid, Pwogram Asistans Nitrisyonèl Sipleman tè, ak Jèl Lwaye
- Repa ak fèt fen dane
- Kou teknoloji



Soutyen Adomisil

Si ou gen difikilte pou kite lakay ou oubyen pou jere tach chak jou ou yo, èd la kapab yon kout fil. Gras ak jesyon ka, yon espesyalis kalifye pral detèmine sèvis pou ede ou rete lakay ou an tout sekirite. Yo kapab enkli:

- Repa livre adomisil ak/oubyen swen adomisil
- Konsiltasyon adomisil ak aksè ak resous kominotè yo
- Vizit Zanmitay
- Èd pou jesyon tach pèman fakti yo

Sèvis Sante Mantal yo

Pwogram Sante Mantal Jeryatrik DFTA, yon inisyativ an patenarya avèk Biwo Majistra Sante Mantal Kominotè, plase divès klinisyen an sante mantal nan divès sant pou moun ajè. Klinisyen yo ede moun ajè yo nan divès sitiyasyon lavi difisil ki kapab lakoz anksyete oubyen depresyon epi founi divès konsèy ak divès referans prive.

Soutyen ak Èd Swànyan yo

Swen pou yon moun ki kapab estrese. Rekonèt ke ou se yon èd swànyan se premye etap nan jwenn èd. Gras ak pwogram sipò èd swànyan, travayè sosyal yo ofri enfòmasyon, divès referans, swen relèv, konsiltasyon sou opsyon swen long dire yo ak plis ankò.

Ou kapab jwenn èd si w ap pran swen yon moun ki ajè 60 an ak plis, ki gen maladi Alzheimer oubyen lòt demans, oubyen yon maladi kwonik. Ou kapab jwenn tou èd si ou gen 55 an oubyen plis epi w ap pran swen yon timoun nan fanmi ou oubyen yon granmoun andikape.



RETE KONEKTE

Vizite Depatman pou Vyeyisman anliy nan
nyc.gov/aging oubyen sou rezo sosyal yo nan:



@nycseniors

Rele **212-AGING-NYC** oubyen **311** pou plis enfòmasyon
sou sèvis yo.

Pwogram Zanmitay yo

An patenarya avèk Biwo Majistra Sante Mantal Kominotè, pwogram Friendly Visiting and Friendly VOICES founi moun ki aje yo opòtinite pou fè nouvo zanmi ak fòm nouvo relasyon sosyal, ki diminye konsa santi-man solitud ak izolasyon pa yo. Toulède pwogram yo koresponn ak moun aje yo avèk yon benevòl preseleksyone ak fòm, yon gwoup kamarad oubyen yon gwoup pou yo konekte avèk yo chak semèn.



Pwogram Friendly Visiting nan mete an kontak moun aje konfine adomisil avèk volontè yo pou divès vizit adomisil oubyen divès apèl telefonik avèk yon kamarad oubyen yon gwoup. Pwogram Friendly VOICES la ap sèvi moun aje ki pa konfine yo nan kay, nan etabli divès lyen pa telefòn ak pandan apèl videyo yo.

Pwogram Enfòmasyon, Konsèy ak Asistans sou Asirans Maladi (Health Insurance Information, Counseling, and Assistance Program, HIICAP)

Èske ou gen kesyon sou Medicare? HIICAP se yon sous Vil New York pou enfòmasyon ki fyab sou Pati A, B, C, ak D Medicare yo. Divès konsèy ki fòm ede asiste egalman avèk Asirans Sipleman Medicare yo (Medigap), Medicare Advantage, ak pou demann pwogram èd sipleman pou kouvri depans yo.



NY Connects in New York City

NY Connects se yon sèvis nan echèl eta ki ede moun tout laj jwenn vrè sipò pou reponn ak bezwen pa yo alontèm. Patnè kominotè yo founi enfòmasyon ak referans ak adilt ki pi gran yo ak jèn adilt ki gen andikap lontèm yo, èd swànyan yo, paran timoun ki andikape yo.



Transpò

Divès sèvis transpò kominotè ki disponib pou adilt ki pi gran yo ki pa gen aksè ak sèvis transpò piblik la pou ale nan randevou medikal oubyen sosyal yo.



Kominote Retrèt Natirèl (Naturally Occurring Retirement Communities, NORCS)

Yon NORC se yon ansanm lojman milti-laj oubyen yon katye ki pa t konstui alorijin pou moun aje yo, men ki abrite kounye a yon kantite sinyifikatif ladan yo. Sèvis ak pwogram soutyen yo disponib nan divès douzèn NORC, ki ofri ak rezidan yo divès aktivite sante ak byen-èt, èd pou prestasyon ak dwa, ak plis toujou.



Sèvis Anplwa Senyò

Inite Sèvis Anplwa Senyò a prepare adilt ki san anplwa e sa ki gen revni fèb yo ki aje 55 an ak plis pou anplwa jodi a nan domèn tretman done yo, sèvis kliyan, sekirite, vant, adminis-trasyon, swen sante adomisil, ak plis.



Patisipan yo swiv divès kou enfòmatrik, rechèch anplwa, redaksyon CV ak entèvyou. Demandè travay yo resevwa egalman yon fòmasyon nan kou anplwa ak posibilite pou genyen omwen salè minimòm nan.

Ansyen Jij

Elder Justice Unit (Inite Ansyen Jij) ap travay pou pwoteje moun aje abitan New York yo de krim ak abi. Pwogram mal-tretans moun aje yo disponib nan chak awondisman pou founi divès konsèy ak soutyen pou viktim ki te sibi abi fizik, emo-syonèl, oubyen finansye nan men yon moun de konfyans.



Pwogram Bill Payer ede moun aje yo pou prevni eksplwatasyon finansyè nan ede òganize fakti yo, etabli yon bidjè, ak pou asire ke fakti yo peye atan.

Sant Resous pou Gran Paran yo

Si ou se yon moun aje ki gen responsabilite èd swànyan premye swen pou pitit pitit ou an oubyen yon lòt jèn nan fanmi ou, Sant Resous Gran paran (Grandparent Resource Center) kapab ede ou adapte ak wol ou kòm yon èdan pwòch.



Sèvis Sant Resous pou Gran paran yo enkli atelye sou divès sijè jiridik, bidjetè ak lòt ankò. Divès referans, seyans gwoup kamarad, ak divès lòt sèvis disponib egalman.

Pwogram Gran Paran Akèy (Foster Grandparent Program)

Pwogram Gran Paran Akèy la plase moun aje a fèb revni a nan nan divès milye kominotè kote yo ankadre ak pran swen nourison yo ak timoun ki gen bezwen espesyal yo. Gen yon ti alokasyon ki bay.



Sipò Jiridik

Sipò jiridik la disponib pou moun aje yo ki pa gen aksè ak yon lòt èd jiridik piblik oubyen prive. Founisè yo ede rezoud pwoblèm ki lye ak avantaj piblik yo, ak swen long dire yo, ak konsomatè yo, e ak pwoblèm ant pwopriyetè ak lokatè yo.

Pwojè Avoka Dezinye yo ede moun aje ki nan risk pou yo mete yo deyò. Si ou kwè ou kalifye, mande jij ki responsab dosye ou an oubyen vizite sant èd palè jistis nan moman odyans ou an.



Resous Odela de DFTA

ACCESS NYC se zouti seleksyon anliy Vil la pou pwogram finansye yo ak avantaj ki lye ak lojman, ak manje e ak plis anko: **access.nyc.gov**.



Opòtinite pou Volontè yo

Si ou vle fè yon diferans nan lavi nenpòt abitan New York oubyen ou se yon moun aje ki vle remèt, benevòl avèk DFTA. Volontè yo ede nan kominote a, avèk Pwogram Zanmitay yo, Pwogram Gran Paran Dakèy, ak plis ankò.



KONTAKTE NOU

Anpil sèvis gratis oubyen a ba pri, ak èd pou lang disponib. Aging Connect se sant kontak nou pou divès resous, sèvis, ak divès opòtinite pou volontè.

Rele **212-AGING-NYC (212-244-6469)** pou pale avèk yon espesyalis vyeyisman.

Pou mande yon prezantasyon sou sèvis DFTA oubyen preparasyon ak sitiyasyon ijans pou moun aje yo, vizite nou nan **www.nyc.gov/aging/presentation**.

**KONEKTE.
RETE AKTIF.
RET AN SANTE.**



**Department for
the Aging**